ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№108 (24.858) • 2025 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 6, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Iуэхущ IапIэхэм къызэратамкIэ

# ПсэукIэ тынш къызэрагъэпэщ




**УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIащ щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ комиссэм и зэIущIэ. Абы видеоконференц IэмалкIэ хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ коммунальнэ хозяйствэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр щIэкIэ зэхъуэкIын зэрыхуейм, я гугъу ящIащ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ», «Жыджэру ирахьэкI гъащIэ кIыхь», «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» проектхэм я зэфIэхыкIэм.

Ди республикэм объектышхуэ зыбжанэ щаухуэ. Абыхэм ящыщщ Лышхым щеIэзэ диспансерыщIэмрэ Творческэ щIалэгъуалэм папщIэ уардэунэмрэ. Налшык дэт Поликлиникэ №1-мрэ школи 9-рэ къызэIуахащ, апхуэдиз дыдэ зэрахьащ, дызэрыт илъэсым къриубыдэу. Узыншагъэм кIэлъыплъын IуэхумкIэ щIэуэ яухуа амбулатори 8-м ящыщу 3-р къызэIуахащ. Зыхуей хуагъэза нэужь, Прохладнэ, Бахъсэн районхэм поликлиникэхэм лэжьэн щыщIадзэжащ.

ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и лъэныкъуэкIэ къуажэ 18-м псыр щызезыгъакIуэ Iэмэпсымэхэр щахъуэжыну е щIэуэ зэрагъэпэщыну къалэн зыщащIыжащ, лэжьыгъэм щIадзакIэщ. КъинэмыщIауэ, 2025 - 2027 гъэхэм къриубыдэу яухыну я мурад, Бахъсэн псыкIэ къызэзыгъэпэщ бжьамий гупыр кIуэцIраш.

«УФ-м и Правительствэми, Ухуэныгъэмрэ Коммунальнэ-хозяйствэмкIэ къэралым и министерствэхэми, ЩIыналъэхэм заужьынымкIэ фондми, дызыдэлажьэ адрей къэрал IуэхущIапIэ псоми фIыщIэшхуэ яхузощI республикэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къызэрыддаIыгъым папщIэ», - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

# ЦIыкIухэр ягъэгуфIащ

**Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъыбарыбэ напэкIуэцIым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Херсон областым хыхьэ Голопристанскэ, Скадовскэ щIыналъэхэм щыпсэу сабийхэм зэрызащIигъэкъуам.**

ЗЭМАН зыбжанэ хъуауэ, ди республикэм псапащIэ IуэхукIэ защIегъакъуэ Херсон областым хиубыдэ Голопристанскэ, Скадовскэ округхэм щыщ сабийхэм.

«Къуэш пэлъытэ тхуэхъуа щIыналъэхэм япэ классым щыщIэтIысхьэ школакIуэхэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ щIалэгъуалэмрэ я къарукIэ еджакIуэ хьэпшыпхэр дгъэхьэзыращ, - етх КIуэкIуэ Казбек. – ШколакIуэр зыхуэныкъуэну псори зыдэлъ плIэидзэ 400 яIэрыдгъэхьэжащ сабийхэм. Портфелхэм дэтлъхьащ еджакIуэм имыIэу мыхъуну хьэпшыпхэр: тетрадхэр, къалэмхэр, къэрэндащ фIыцIэхэмрэ зэмыфэгъухэмрэ, сурэт зращIыхьыну альбомхэр, линейкэхэр, тхылътелъхьэхэр, къинэмыщIхэр. ЦIыкIухэм дохъуэхъу ехъулIэныгъэ яIэу еджэну!»

Республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщар КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэрщ.





# Депутатхэм куэд къапэщылъщ

**КъБР-м и Парламентым и бжьыхьэ лэжьэгъуэм и япэ зэIущIэр екIуэкIащ. Ар къыщызэIуихым, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ зэман гъунэгъум къалэн нэхъыщхьэу къапэщытхэм.**

АБЫ къыхигъэщащ бжьыхьэ лэжьэгъуэр Iуэхугъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ зэрыщытынур, «стIол хъурейхэр», «Правительствэм хухах сыхьэтхэр», едэIуэныгъэхэр, Парламентым и зэIущIэхэр къызэрызэщIрагъэубыдэнур.

Депутатхэм зи чэзу зэIущIэр фокIадэм и 11-м екIуэкIыну траухуащ. Ахэр хэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингуш Республикэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ IуэхухэмкIэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым.

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур зэрыжиIамкIэ, зэгурыIуэныгъэмкIэ я мурадщ лъэныкъуитIыр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэрызэдэлажьэм пащэну, экономикэ, хабзэр убзыхуным ехьэлIауэ яIэ зэпыщIэныгъэхэр ирагъэфIэкIуэну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «ЩIыр къэзыухъуреихь хьэуар хъумэным епхауэ» республикэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» щIыналъэ законым и проектым.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IэнатIэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур жиIащ хьэуар зыуфIейр нэхъ мащIэ щIыныр зи къалэн IуэхущIапIэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ ящIапхъэр гъэткIиин зэрыхуейр. Абы теухуа законопроектыр Iэрагъэхьащ зи гугъу ящI лэжьыгъэр зи нэIэм щIэт IуэхущIапIэхэм хэплъэну.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ УФ-м и щIыналъэхэм я жэрдэм зэхуэмыдэхэм. Ахэр теухуат УФ-м и Мэз кодексым, къэрал юридическэ бюром и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным текIуадэ мылъкур федеральнэ бюджетым къызэрыхэгъэкIыпхъэм, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ егъэджэныгъэм, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ, журналистикэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэм ящыщу КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъ зратынухэр.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ**

2025 гъэм фокIадэм и 11-м сыхьэти 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Хэкупсэ зэхэщІыкІым и купщІэр

● Жылагъуэ палатэ

**Терроризмэмрэ щІапхъаджэгъэхэм япэщІэтынымкІэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм, фокІадэм и 3-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм зэІущІэ щхьэпэ щекІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ лъэпкъхэм ижькІэрэ къадекІуэкІ, псэкупсэ мыхьэнэ зиІэ хабзэ-бзыпхъэхэмрэ щэнхабзэтхыдэ и лъэныкъуэкІэ я щІэин дахэмрэ экстремизмэм пэщІэтынымкІэ ІэмалыфІу зэрыщытым.**

ЗЭХЫХЬЭМ ирагъэблэгъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм районхэм щиІэ и къудамэхэм хэтхэр, властым и ІэнатІэ нэхъыщхьэхэм я лІыкІуэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я унафэщІхэр.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ лъэпкъхэм ижькІэрэ къадекІуэкІ хабзэ-бзыпхъэ екІухэр щІыналъэм къыщыгъэщІэрэщІэжынымрэ жылагъуэ зэгурыІуэныгъэм лъабжьэ хуэхъу хуэмэбжьымэхэм зегъэужьыжынымкІэ властым и ІэнатІэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ, дин зэгухьэныгъэхэм хэтхэм республикэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэдэм.

ЗэІущІэр къызэІуихащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий**.

- Осетие Ищхъэрэ - Аланием хыхьэ Беслъэн къалэм 2004 гъэм фокІадэм и 3-м къыщыхъуа насыпыншагъэшхуэр псори дызыпэмыплъа хьэкІэкхъуэкІагъэ ину къыщІэкІащ. Терроризмэр - хабзэ-бзыпхъэ гуэрым тет дуней еплъыкІэкъым икІи идеологиекъым, атІэ мурад бзаджэхэр зэрызрагъэхъулІэ, цІыхухэр зэрагъэгужьей икІи зэрагъэшынэ Іэмал нэхъ мыхъумыщІэхэм ящыщщ. Псом ди дежкІи нэрылъагъущ нобэрей Украинэм и унафэщІхэри а Іуэхум зэрыхэтыр. Дрищыхьэтщ абыхэм ди къэралым щыпсэухэр гужьеигъуэ ин хадзэнымкІи лъэкІ къызэрамыгъанэм. ЗэхэщІыкІыгъуейкъым, я щІыбагъ къыдэту, ахэр зыгъэгушхуэр хэту щытми - ахэр КъухьэпІэ къэралхэм щыІэ щэхурылажьэ гупхэм щыщхэмрэ абыхэм ядежьу зауэшыхэмрэщ. Ауэ щыхъукІи, зэрыгурыІуэгъуэщи, жагъуэгъу къытхуэхъуахэм дызыхуаша щытыкІэм ди къэралым и цІыхухэр, унафэщІхэр ди пашэу, нэхъри дызэкъуигъэувапхъэщ. Абы къыдэкІуэуи нэрылъагъущ къытщІэхъуэ щІэблэм псэкупсэ гупсысэкІэм тещІыхьа гъэсэныгъэ дахэ ябгъэдэлъхьэным нэхъри хущІэкъун зэрыхуейри, - жиІащ Берд Хьэзрэталий.

КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэм и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым** УФ-м и Президентым Іэ зыщІидза и унафэм щыщу ди республикэм ехьэлІам и гугъу ищІащ.

- ФІыщІэ фхузощІ мы Іуэхум къытедгъэзэжу дызэрытевгъэпсэлъыхьым папщІэ! УФ-м и Президентым 2022 гъэм щэкІуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа, «Урысейм щыпсэухэм ижькІэрэ къадекІуэкІ хабзэ-бзыпхъэ дахэхэр хъумэнымрэ щІэгъэбыдэнымкІэ къэрал политикэм и лъабжьэ» унафэр (№809) ящыщщ Хэкум и лъэпкъ-къэрал ухуэкІэр зэтезыІыгъэхэм. Тхыдэ мыжыжьэм къызэрыхэщыжымкІэ, СССР-р лъэлъэжу, УФ-р щхьэхуэ зэрыхъурэ ди цІыхубэр гугъу нэхъ езыгъэхьа Іуэхугъуищым ящыщщ, псом япэрауэ, лІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм къэралым и экономикэр къэтІэсхъауэ зэрыщытар. Ар и щІэдзапІэщ лъэпкъ щэнхабзэхэм пщІэ щыхуамыщІыж, къыщрамыдзэж лъэхъэнэм. ЦІыхухэм я нэхъыбэм я унагъуэр, я щхьэр зэрапІыжын мылъку къызэралэжьын Іуэху щызэрахуэм, хабзэ-зэхэтыкІэ дахэу алъандэрэ я зэхуаку дэлъахэми емылІэлІэж хъуат.

Лъабжьэ куу зиІэу къыддэгъуэгурыкІуа зэхэтыкІэ къекІум зэран хуэхъуа етІуанэ удыну къытхущІэкІащ дэркІэ хамэми, КъухьэпІэр зэсэжа хьэл-щэн мыхъумыщІэхэр ди цІыхухэми къащтэу щыщІадзар, телевиденэм псэгъэджылыгъэрэ гъэпцІагъэкІэ, еруугъэрэ щхьэхуещагъэкІэ гъэнщІа нэтынхэр зэпымыууэ къиту, а псоми ди цІыхухэм щапхъэ трахыу щыхъуар.

Ещанэ удыныр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ щыхьэт дызытехъуэрщ. Ар сыт жыфІэмэ, цІыхухэм диныр къызэрырагъэщтэ щІыкІэр ди лъэпкъхэм я зэхэтыкІэ дахэм темыхуэу, уеблэмэ дыдейр ІэщІыб зэрыдагъэщІыным нэхъ тракъуззэу, абы ипІэкІэ дызэмыса, дызыхуэхамэ хуэмэбжьымэхэр жылагъуэм, псом хуэмыдэжу щІалэгъуалэм, хапщэну зэрыхущІэкъурщ.

КъинэмыщІауэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ дэ гу лъыдотэ лъэпкъхэм ди блэкІам, дызищІысым хуэгъэзауэ иризэдауэ куэд Интернетым зэрисми. Абы щыгъуи тхыдэмкІэ академие щІэныгъэ зиІэхэм ятххэр къызэрырадзэ щымыІэу, дэфтэрхэр тегъэщІапІэ зыхуамыщІу. Псэлъэгъум пщІэи нэмыси щыхуамыщІ, уеблэмэ щагъэикІэ, щагъэпуд зэныкъуэкъу лейм нэхъри зэрызиубгъур апхуэдизу нэрылъагъущи, а зэбгъэдэтыкІэм жылагъуэр зэпІэзэрыт щытыкІэм къринэныр фІэщщІыгъуейщ.

Дэ, республикэм щыпсэухэр, сыт хуэдэ лъэпкъ дыкъыхэмыкІами, дызэзышэлІэжыр ди цІыхугъэ дахэрщ, зэхэтыкІэ къабзэрщ. Абы и лъэныкъуэкІэ иджыри къыздэсым тхуэхъумарэ къытхэнауэ зым адрейм щапхъэ зытетхыфын ди куэдщ. Мис абыхэм щІэх-щІэхыурэ дытепсэлъыхьу, щІалэгъуалэм гу лъедгъатэу дыкъекІуэкІыныр щапхъэ нэхъыфІхэм ящыщщ. Ар шэч къызытедмыхьэнщ, - жиІащ Къуэшырокъуэм.

ЗэІущІэм я Іуэху еплъыкІэр щыжаІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Прокуратурэм федеральнэ шынагъуэншагъэмкІэ, лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщІэтынымкІэ и къудамэм и унафэщІ **Шурдым Анзор**, республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Мысост Екатеринэ**, щэнхабзэмкІэ и министрым и дэІэпыкъуэгъу **Тау Ритэ**, КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Ахъмэт Артур**, КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым щезыгъаджэ, тхыдэмрэ философиемкІэ и кафедрэм и профессор **Дадашев Алий**, Къэбэрдей-Балъкъэр Лъэпкъ музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и къудамэхэм я унафэщІхэу **Гайдинэ Надеждэрэ Мэкъуауэ Люаззэрэ**, нэгъуэщІхэми.

КъаІэта Іуэхум теухуауэ **Накуэ Феликс** жиІащ:

- Псори дыщыгъуазэщ УФ-р лъэпкъыбэ къэралыгъуэу зэрыщытым. Ди республикэми аращ и Іуэху зыІутыр. ЩІыналъэм исщ лъэпкъ куэдым къахэкІа. Ди къэралым иужьрей илъэсхэм гулъытэ хэха зыхуищІхэм ящыщщ лъэпкъхэм ижькІэрэ къадекІуэкІ хабзэ-бзыпхъэхэр хъумэныр. ЩІыпІэдэлъху адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ, зэрытщІэщи, лІэщІыгъуэкІэрэ къыддокІуэкІ «Адыгэ хабзэ» зыфІэтщамрэ «Тау адет» жыхуаІэмрэ. ТІуми къагъэлъагъуэр ди цІыхухэм ижь-ижьыж лъандэрэ зэрахьэ зэхэтыкІэ къекІухэр аращ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкІахэр, зым и фІыр адрейм зыхилъхьэу, абыхэмкІи зэдохъуажэ. ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, бзэрэ щэнхабзэрэ зыбгъэдэмылъыж лъэпкъыр лъэпкъыжкъым. Иужьрей зэманым псори нэхъ дызыгъэгузавэхэм ящыщщ дызыхуэхамэ хуэмэбжьымэхэм яжь кІуэ пэтми нэхъри къызэрытщІихур.

Мыбдежым къызэрыщыхагъэщауэ, лІэщІыгъуэкІэрэ зэтеува ди зэхущытыкІэ дахэу пэжыгъэр, гущІэгъур, гуапагъэр япэ изыгъэщу щытахэм я мыхьэнэр ди нобэми къыпхуэмылъытэн хуэдизщ. Апхуэдэ зэбгъэдэтыкІэу ижькІэрэ лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкІуар ди нобэрей цІыхухэр зэшэлІэнымкІи зэрыщхьэпэр къэрал утыкуми щыжаІэ зэрызыхъуам и щыхьэтщ УФ-м и Президентым Іэ зыщІидза унафэр. Абы къыхэкІыуи шэч къызытедмыхьэнщ, къалэдэси къуажэдэси ирехъу, дин зэтемыхуэ зезыхьэу лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкІахэм я зэхуаку зэхэщІыкІрэ шыІэныгъэрэ дэгъэлъыным телажьэ гъэсэныгъэ тэмэм щІэблэм сытым дежи дегъэкІуэкІын зэрыхуейм. Ауэ щыхъукІи, щІалэгъуалэр зэпІэзэрытыгъэм къыхуезыджэ гъэсыныгъэ егъэкІуэкІынымкІи республикэм цІыхуу исым зэхущытыкІэ къекІу я зэхуаку дэгъэлъынымкІи дяпэкІи тегъэщІапІэщ «Адыгэ хабзэ», «Тау адет» жыхуэтІэхэр. А тІуми джэлэс яхуэхъуар пэжыгъэрэ щыпкъагъэрэ зи тепщэ лъэпкъ щэнхабзэм и лъабжьэрщ, нэхъыжьхэм пщІэ хуащІу зэрыщытарщ.

Зэхыхьэм щызэхуэсахэм жаІам ипкъ иткІэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымкІэ, физкультурэмрэ спортымкІэ, апхуэдэуи ЩэнхабзэмкІэ, псэкупсэ щІэиныр хъумэнымкІэ, хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ и комиссэхэм республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, ЩэнхабзэмкІэ и министерствэхэм, къинэмыщІауэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, «КъБР-Медия» къэрал ІуэхущІапІэм чэнджэщ зэрырат щІыкІэм тету зыхуагъазэ, УФ-м и Президентым 2022 гъэм щэкІуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа «Урысейм щыпсэухэм ижькІэрэ къадекІуэкІ хабзэ-бзыпхъэ дахэхэр хъумэнымрэ щІэгъэбыдэнымкІэ къэрал политикэм и лъабжьэ» унафэр я тегъэщІапІэу, къытщІэхъуэ щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэнымкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, ІэмалыщІэхэм тету, адэкІи пащэну.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн**.



# ТекІуэныгъэм и ныпыр зэІэпах

**Налшык и Дэшхуей хадэм фокІадэм и 5-м щекІуэкІащ «ТекІуэныгъэ Иным и ныпым и марш» урысейпсо Іуэхум щыщ Іыхьэ. Хэкум и хъумакІуэхэм я илъэсым, Хэку зауэшхуэм (1941 - 1945) ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъум и щІыхькІэ ар къызэригъэпэщащ КъБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм.**

ЗЭІУЩІЭМ и дамыгъэ хъуащ 1945 гъэм накъыгъэм и 1-м Рейхстагым фІадзауэ щыта ТекІуэныгъэ Иным и ныпым къытращІыкІар. Ар армеец ныбжьыщІэхэм утыкум ирахьащ. Дзэм и ветеран Мату Мурат ныпи лъапІэр иритащ Ингуш Республикэм и лІыкІуэ, дзэм и ветеран Шанхоев Муслъим. Ар зэІэпахын и пэ къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ щІыналъэм исхэм зэрахьа лІыхъужьыгъэмрэ Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэм хуащІа хэлъхьэныгъэмрэ зыхуэдэм.

Илъэсиплlкlэ, махуэ минрэ щиплlрэ пщыкlуийкlэ екlуэкlа зауэм къэралым и цІыху мелуан 27-м щІигъу хэкІуэдащ. ЦІыхур къызэригъэщІрэ щыІа зауэ нэхъ гуащІэ дыдэхэм ящыщщ ар. Фашистхэм къалэ 1700-м нэблагъэ зэхакъутащ. Къуажэ мин 70-м щІигъу ягъэсащ. Промышленнэ предприятэ мин 32-рэ зэтракъутащ. Нацистхэм яукІащ сабий мелуаниплІ. Къэралым и щІэблэ мелуан 13 зеиншэу къэнат зауэм и зэранкІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ, ипхъу мин 60-м щІигъу зэуапІэм кІуэри, бийм къарищІылІа зэхэуэ гуащІэхэм хэтащ. Ди цІыху мин 38-рэ зауэ губгъуэм къикІыжакъым. Зи Іыхьлырэ благъэрэ Хэку зауэшхуэм хэмыкІуэда зы унагъуи ди щІыналъэм къинакъым, «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр ди зауэлІ 33-м, къэрал дамыгъэ лъапІэхэр мин 12-м, «ЩІыхь» орденым и нагъыщэ псори - 6-м, мини 10-м щІигъум орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

- ПщІэ зыхуэсщІ ныбжьэгъухэ! ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрихьар мы гъэм догъэлъапІэ, абы и ныпыр щІыналъэхэм зэІэпыдох. Ар Урысейм и дэнэ щІыпІи щыдоІэт. Ди адэжьхэм я лІыгъэр тщыгъупщэ хъунукъым. Нэхъыщхьэр лІыхъужьхэм я фэеплъыр тхъумэнырщ, - жиІащ Налшык къалэм ІэщэкІэ ЗэщІэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщ Абдуллаев Мустэфа.

КъБР-м щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и къуэдзэ Ахъмэт Артур и псалъэм къыхигъэщащ «ТекІуэныгъэ Иным и ныпым и марш» урысейпсо Іуэхум и федеральнэ Іыхьэм хыхьэу, ТекІуэныгъэм и ныпым къытращІыкІар Ингуш Республикэм зэрыратыр, адэкІэ фэеплъ Іуэхум ирипащэн папщІэ.

- ТекІуэныгъэр къытхуэзыхьа лІыхъужьхэм я фэеплъыр тхъумэну ди къалэнщ, - жиІащ Ахъмэтым, икІи къыхигъэщащ ди къэралым щІалэгъуалэм гулъытэ зэрахуищІыр.

Ингуш Республикэм щыІэ «Авангард» щІалэгъуалэ центрым и унафэщІ Богатырёвэ Мадинэ жиІащ «ТекІуэныгъэ Иным и ныпым и марш» я щІыналъэм и лІыкІуэхэри зэрыхэтым мыхьэнэшхуэ зэриІэр, абы зэгъунэгъу республикэхэм исхэр зэрызэкъуигъэувэр, щІалэгъуалэ куэд зыхэт мы зэхыхьэм я зэпыщІэныгъэхэр зэригъэбыдэр, ТекІуэныгъэр ди къэралым къызэрихьынур.

- Ди блэкІар, тхыдэм и къэхъугъэхэр, ди нэхъыжьхэм мамырыгъэрэ текІуэныгъэрэ къызэрытхуахьар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Дызэрыгушхуэ ТекІуэныгъэм и ныпыр Ингуш Республикэм ІэщІыдолъхьэ. Дзэ Іуэху хэхар икІэщІыпІэкІэ ди текІуэныгъэкІэ иухыу ди щІалэхэр узыншэу я унагъуэхэм къахыхьэжыну дыщІохъуэпс, - жиІащ «Хэкум и хъумакІуэхэр» къэрал фондым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Чеченов Эльдар.

Зэхыхьэр и кІэм щынэблагъэм, хэкІуэдахэм зы дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ. Зэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ «Налшык Дзэ щІыхьым и къалэщ» фэеплъым.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Парламентым, республикэм и министерствэхэм, къалэ администрацэм я лІыкІуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэр, ветеранхэр, дзэ Іуэху хэхам хэтахэр, курыт еджапІэхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ щІэсхэр, волонтёрхэр, Налшык къалэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**ТЕКІУЖЬ Заретэ** *ейщ.*



# Зы «дамэм» ущIэту нэхъыбэ зэбгъэхъулIэфынущ

**ФокIадэм и 4-м Налшык къалэм, ЩIалэгъуалэм я унэм, зэхыхьэшхуэ щекIуэкIащ, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм къикIа хьэрычэтыщIэхэр хэту.**





АР теухуауэ щыташ «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ Iуэхур щIыналъэхэм зэрыщагъэзащIэм, сатум щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм, къыщIагъэкIхэр хамэ къэралхэм егъэшэнымкIэ яIэ зэфIэкIым, «Сделано в России» брендым щIэт хьэпшып, ерыскъыпхъэ къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм зэрызаужьыфынум, нэгъуэщIхэми.

Зэхуэсыр къызэригъэпэщащ «Урысейм и экспорт центр» IуэхущIапIэм (РЭЦ), КъБР-м и Правительствэр и дэIэпыкъуэгъуу. Абы хэтащ Урысей Федерацэм Промышленностымрэ сатумкIэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэхэм, Урысейм и экспорт центрым я лIыкIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр.

Махуэ псом тещIыхьауэ щыта зэхыхьэр щIидзэным ипэ къихуэу, къызэгъэпэщакIуэхэр журналистхэм епсэлъащ, я мурадхэмрэ къалэн зыщащIыжхэмрэ къагъэнаIуэу. Кавказ Ищхъэрэм и IуэхущIапIэхэр хамэ къэралхэм зэрадэлажьэмрэ апхуэдэхэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъумрэ щытепсэлъыхьым, РЭЦ-м и вице-президент **Молодцов Александр** жиIащ зэхуэсыр Налшык къалэ щрагъэкIуэкIыну къыщIыхахам щхьэусыгъуэфI зэриIэр. «НэгъуэщI къэралхэм хьэпшып нэхъыбэ езыгъашэ республикэ нэхъ пашэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Нэгъабэ абы процент 50-кIэ хэхъуэ иIащ, дызэрыт илъэсми апхуэдэу жыджэру лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкI - япэ мазиплIым и закъуэ процент 17-кIэ зэрыхигъэхъуар долъагъу, - жиIащ хьэщIэм. - ЗэрытщIэщи, а Iуэхур псом хуэмыдэу къызыдэкIуэр мэкъумэш IэнатIэрщ, пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэхэрщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Кавказ Ищхъэрэм ирашым и процент 57-р зыубыдыр аращ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт 2024 гъэм Урысейм и экспорт центрым КИФЩI-м щылажьэ IуэхущIапIэхэм сом меларди 10-м нэблагъэкIэ зэрызащIигъэкъуар. Дэ ди къалэнщ апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр зэрыщыIэм хьэрычэтыщIэхэр щыдгъэгъуэзэну, лъэпощхьэпохэр къызэранэкIыу дунейпсо утыкухэм ихьэнымкIэ щIэгъэкъуэн дахуэхъуну».

Абы и псалъэм пищэу, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуIэед** жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр ныбжькIэ къэбгъэлъагъуэмэ зэрыщIалэр, хамэ къэралхэм мы зэманым сату ядэзыщIэ IуэхущIапIэхэм я нэхъыбэр къызэрызэIуахрэ илъэси 10-15 нэхъыбэ зэрымыхъуар. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэм лъабжьэ ямыIауэ щIэуэ я Iуэхур зэтраублэжауэ жыпIэ хъунущ. Ауэ нобэ ахэр лъэ быдэкIэ мэув, зэман кIэщIым къриубыдэу дунейпсо утыку ихьэфащ, къыщIагъэкIыр нэгъуэщI щIыпIэхэм нагъэсыф, - къыхигъэщащ Къуныжьым. - Шэч къытесхьэркъым мы зэхыхьэр ди хьэрычэтыщIэхэм сэбэп зэрахуэхъунум, къэралыр дэIэпыкъуэгъу зэрыхъу Iэмал куэд къызэрыщащIэнум. Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ хьэрычэтыщIэхэм я лэжьэкIэм и фIагъыр къэзыгъэлъагъуэ нэщэнэу къызолъытэ ахэр зэрызэрыщIэр, зыр адрейм зэрыдэIэпыкъуным зэрыхущIэкъур. Дыщогугъ ди республикэм ирашым адэкIи хэхъуэну».

Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыхумрэ гуэдзымрэ къинэмыщIауэ ираш IэфIыкIэхэмрэ псыхэмрэ. КъызэрыхагъэщамкIэ, иджы япэу, 2024 гъэм, нэгъуэщI щIыналъэхэм ирагъэшащ былымкъэбыстэ (рапс) жылэм къыщIаху дагъэ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** къыджиIащ Урысейм и экспорт центрым и дэIэпыкъуныгъэхэр къэралым и щIыналъэ псоми зэралъэIэсыр. КъищынэмыщIауэ, IуэхущIапIэм экспортымкIэ и школымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ жыджэру зэдолажьэ IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзырыным теухуауэ. «ХьэрычэтыщIэхэр нэхъыбэу йокIуалIэ «Мой бизнес» IуэхущIапIэм. Абы хэтщ къыщIагъэкIыр хамэ къэралхэм ирагъэшэным теухуауэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъу IэнатIэр. Апхуэдэуи ди хьэрычэтыщIэхэм Iэмал яIэщ КъБР-м ПромышленностымкIэ, Мэкъумэш IэнатIэмкIэ, ТуризмэмкIэ и министерствэхэм сыт хуэдэ IуэхукIи зыхуагъэазэну», - къыхигъэщащ Рахаевым.

УФ-м и Президентым и полномоченнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и дэIэпыкъуэгъу **Никитин Сергей** къыхигъэщащ къэралым и Iэтащхьэм 2030 гъэ пщIондэ зэлэжьыпхъэу къигъэлъэгъуахэм щIыналъэхэм къыщIагъэкI хьэпшыпхэмрэ шхыныгъуэхэмрэ нэгъуэщI къэралхэм зэрырагъашэм и бжыгъэр хэгъэхъуэн зэрыхуейр зэрахэтыр. «Абы и лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ Iуэхур зэрыдгъэзащIэр. Ар Урысейм и щIыналъэ псори зэлэжьщ. 2024 гъэм Экспортым дэIэпыкъуэгъу хуэхъу центрхэр хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ ящыщ 29-м щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ я лэжьыгъэкIэ нэгъуэщI щIыналъэхэм япыщIэнымкIэ. Абы щыгъуэми, пэжыр жытIэнщи, центрхэм нэгъабэ яхузэфIэкIар нэхъ мащIэщ, 2023 гъэм елъытауэ. Абы къыхэкIыу ди лэжьыгъэр щIэдгъэхуэбжьэн, хэкIыпIэхэм дегупсысын хуейуэ къызолъытэ. Нобэ дыщыхьэщIэ щIыналъэм теухуауэ жысIэну сыхуейт Къэбэрдей-Балъкъэрым экспортымкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зэриIэр», - жиIащ хьэщIэм.

Къуныжь МуIэед РЭЦ-м и зэIущIэр ди республикэм щрагъэкIуэкIыну къызэрыхахам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ, икIи къыхигъэщащ къэралыр дэIэпыкъуэгъу къазэрыхуэхъуфыну псоми абдеж зыщыщагъэгъуэзэну Iэмал зэраIэр.

Молодцов Александр жиIащ Урысейм къыщыщIагъэкIхэр нэхъыбэм къацIыхун папщIэ, «Сделано в России» лъэпкъ брендыр къэзыгъэсэбэпхэм яхыхьэну хьэрычэтыщIэхэр къызэрыхуриджэр. «Сделано в России» псалъэхэмрэ бзу цIыкIур зытет триколорымрэ мы зэманым кIуэ пэтми цIэрыIуэ мэхъу, ар дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм нэсащ. Къапщтэмэ, ар дамыгъэ къудейкъым, атIэ къыщIэдгъэкIым и фIагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ щыхьэт дызэрытехъуэщ. Зы «дамэм» ущIэту нэхъыбэ зэбгъэхъулIэфынущ», - къыхигъэщащ абы.

«Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ Iуэхур зэрагъэзащIэм, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм къапэщылъ къалэнхэм, экспортым и жыпхъэщIэхэр хэпщэным тепсэлъыхьащ Лицензэ тынымрэ дунейпсо кооперацэмкIэ департаментым и унафэщIым и къуэдзэ **Коноваловэ Ольгэ**, РЭЦ-м щIыналъэ программэхэр къызэгъэпэщынымкIэ и унафэщI **Радионов Олег** сымэ. Шэшэн Республикэм Экспортым дэIэпыкъуэгъу хуэхъу и центрым и унафэщI **Сапарбиев Iэдэм** тепсэлъыхьащ щIыналъэм хьэрып къэралхэм щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмкIэ хуиIэ зэпыщIэныгъэхэр зэрырагъэфIакIуэм.

УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм КИФЩI-м и социально-экономикэ Iуэхухэмкiэ и департаментым и къудамэм и унафэщI **Лебедев Дмитрий** жиIащ иужьрей илъэсхэм Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм къыщIагъэкIхэр Иранным, Сауд Хьэрыпым, Куржым, Китайм, Афганистаным зэрырагъашэм хэпщIыкIыу зэрыхагъэхъуар.

КИФЩI-м щыщ хьэрычэтыщIэхэм зэIущIэм Iэмал щаIащ Урысейм и экспорт центрым и унафэщIхэм, федеральнэ министерствэхэм я лIыкIуэхэм я упщIэхэр иратыну.

Зэхыхьэм щагъэлъэпIащ «2025 гъэм и экспортёр нэхъыфI» урысейпсо зэхьэзэхуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуахэр. Саугъэтхэр щратыж Iуэхум хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**. Псори зэхэту япэ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр яIэу зэхыхьэм я цIэ къыщраIуащ Кавказ Ищхъэрэм и IуэхущIапIэ 24-м.

«Промышленностым епхауэ илъэсым и экспортёр» Iыхьэм япэ увыпIэр къыщихьащ «Тэрч налмэс завод» IуэхущIапIэм. Абы и генеральнэ унафэщI **ЛIэужь Ахьмэд** я ехъулIэныгъэхэм тедгъэпсэлъыхьыну зыщыхуэдгъазэм, къыджиIащ къыщIагъэкIыр мы зэманым Азие Курытым (Таджикистан, Узбекистан) Армением, Куржым, Тыркум зэрырагъашэр. «ИкъукIэ ди гуапэщ ди лэжьыгъэм мыпхуэдэ гулъытэрэ пщIэрэ къызэрыхуащIар», - къыхигъэщащ ЛIэужьым. Къыхэгъэщыпхъэщ, зэпеуэм «ХьэрычэтыщIэ-экспортёр нэхъ щIалэ» и Iыхьэми Ахьмэд пашэ зэрыщыхъуар.

«Хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ хэт бзылъхугъэ экспортёр нэхъыфI» Iыхьэм япэ увыпIэр къыщыхуагъэфэщащ «Аква-Кристалл» ООО-м и унафэщI **Уэрыш Мадинэ**. Апхуэдэуи абы и IуэхущIапIэр ещанэ щыхъуащ «Шхыныгъуэ хьэзырхэмкIэ илъэсым и экспортёр» Iыхьэми.

«Отбор» жылэгъэкI IуэхущIапIэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ «Мэкъумэш IэнатIэм ехьэлIауэ илъэсым и экспортёр» Iыхьэм. «ХьэрычэтыщIэ-экспортёр нэхъ щIалэ» Iыхьэм и етIуанэ увыпIэри Къэбэрдей-Балъкъэрым къихьэхуащ - ар хуагъэфэщащ «Сириус-М» ООО-м и унафэщI ХьэщIэлI Мартин. Апхуэдэуи абы и IуэхущIапIэм ещанэ увыпIэр къыщихьащ «Илъэсым и зыщызыIэта» Iыхьэм. Дохъуэхъу ди хьэрычэтыщIэхэм я зэфIэкIым хэхъуэ зэпыту лэжьэну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 6,**
*щэбэт*

♦**1939 гъэм** - Налшык шыгъэжапIэ къыщызэIуахащ.
♦**1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щэрдан Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«Pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19-26-рэ, жэщым градус 17 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 7,**
*тхьэмахуэ*

♦**ЩIыдагъэ, газ промышленностым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Хьэуа къабзэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Iэщэхэм ещхь зэрыджэгу сабий хьэпшыпхэр гъэкIуэдыжыным и дунейпсо махуэщ**
♦**1949 гъэм** къалъхуащ Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м, МАИА-м, АПСН-м я академик, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **КIэрмытI Къазбэч**.
♦**1955 гъэм** къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Шэджэм район администрацэм и Iэтащхьэу щыта **Ахъуэхъу Къанщобий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«Pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19-23-рэ, жэщым градус 17 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 8,**
*блыщхьэ*

♦**ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ**
♦**Финансистым и махуэщ**
♦**1958 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутату щыта **Къандэхъу Мухьэмэд**.
♦**1962 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ **КIэдыкIуей Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«Pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19-23-рэ, жэщым градус 18 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 9,**
*гъубж*

♦**Дахагъэм и дунейпсо махуэщ**
♦**1882 гъэм** къалъхуащ адыгэ джэгуакIуэ **Щхьэлахъуэ Алий**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ шапсыгъ сурэтыщI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **Хьэпышт Хьисэ**.
♦**1946 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Мысрокъуэ Мухьэмэд**.
♦**1969 гъэм** къалъхуащ адыгэ сурэтыщI **Гъуэгунокъуэ Мурат**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«Pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17-20-рэ, жэщым градус 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪАНШЫУЕЙ Мэлычыпхъущ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ.**

**● ХъыбарегъащIэ**

## Гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкIэм фрагъэблагъэ

**ХьэтIохъущокъуэм и хадэм ит «Чайный домик» шхапIэм пэгъунэгъуу щыIэ «ТхакIуэхэм я алеем» фокIадэм и 6-м щекIуэкIынущ гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкIэ. Ар къызэрагъэпэщынущ Къалэм и махуэм и щIыхькIэ.**

АБДЕЖ щыфлъагъунущ коллекционерхэм зэхуахьэса хьэпшыпхэр: значок, нып, маркэ, конверт, ахъшэ, статуэткэ, радиотехникэ, тхылъ, хьэкъущыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Мы Iуэхум хэтыну гупыж зыщIхэм сыхьэти 8-м щыщIэдзауэ къыщыфпоплъэ «Спартак» стадионым хуэзанщIэу щыIэ дыхьэпIэм деж. Ар къызэригъэпэщащ «КъБР-м и Коллекционерхэм я зэгухьэныгъэ» IуэхущIапIэм.

## Мэрем, фокІадэм и 12

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** «Голос. Дети». Новый сезон (0+)
**23.20** Т/с «ШЕРЛОК И ДОЧЬ» (16+)
**00.15** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** Прямой эфир (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Ну-ка, все вместе!» (12+)
**23.55** «Истории Большой Страны» (12+)
**00.55** Х/ф «НАПРАСНЫЕ НАДЕЖДЫ» (16+)

### НТВ

**05.00, 11.05** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ВЕКТОР АТАКИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.25** «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
**09.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «СТРАЖНИК» (16+)
**00.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.10** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**02.40** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.35** Х/ф «УДАЧНЫЙ ОБМЕН»

### ЗВЕЗДА

**05.30** Т/с «НА БЕЗЫМЯННОЙ ВЫСОТЕ» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.05** Д/ф «Ополченцы. Мелодия памяти» (12+)
**11.00** Х/ф «СТРОГАЯ МУЖСКАЯ ЖИЗНЬ» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «БОЕВАЯ ЕДИНИЧКА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.10** «ПолитУкладчик» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Убить президента» (12+)
**20.30** Д/с «Война миров» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+». «Классика, эстрадные и военные песни, романсы и народный репертуар. Бас-баритон Петр Захаров СВОЙ творческий путь» (12+)
**00.55** Х/ф «ВЛЮБЛЕН ПО СОБСТВЕННОМУ ЖЕЛАНИЮ» (16+)
**02.20** Х/ф «ТЫ ПОМНИШЬ» (16+)
**03.50** Д/с «Стрелковое вооружение русской армии» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.50, 13.25** Д/с «История Китая»
**08.50** Х/ф «ПРЕДЕЛ ВОЗМОЖНОГО» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00** Новости культуры
**10.15** Открытая книга
**10.45** Д/ф «Старшая сестра». Любите ли вы театр?»
**11.25** ХХ век
**13.00** «Рэгтайм, или Разорванное время»
**14.15** «Волки и овцы»
**15.50** «Энигма»
**16.30** Письма из провинции
**17.15** Д/с «Первые в мире»
**17.30** Музыка советских композиторов
**18.20** «Царская ложа»
**19.00** Д/ф «Роман в камне»
**19.45** Линия жизни
**20.40** «Шлягеры уходящего века». Государственный академический симфонический оркестр под управлением Евгения Светланова. Солисты Лариса Долина и Александр Градский. Запись 1997 года
**21.30** Х/ф «ОТЧИЙ ДОМ» (16+)
**23.10** «2 Верник 2»
**00.15** Х/ф «ОТРЯД ТАГАНОК» (16+)
**01.45** Д/с «Искатели»
**02.35** М/ф «Персей». «Это совсем не про это»

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**07.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.30, 21.20, 00.50** Все на Матч! Прямая трансляция
**07.55** Стрельба из лука. Чемпионат мира. Классический лук. Мужчины. Прямая трансляция из Кореи
**10.00** «Небесная грация» (6+)
**10.20** Бокс. Л. Пердомо - А. Адамс. Bare Knuckle FC. Трансляция из США (16+)
**12.35** Лица страны (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Автоспорт. Дрифт. RDS OPEN. Трансляция из Казани (6+)
**15.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**19.30** Х/ф «ВОИН» (16+)
**21.55** Футбол. «Севилья» - «Эльче». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**00.00** Евротур (12+)
**01.55** Стрельба из лука. Чемпионат мира. Классический лук. Мужчины. Трансляция из Кореи (6+)
**04.00** Новости (0+)
**04.05** Автоспорт. Дрифт. RDS OPEN. Трансляция из Казани (6+)

## Щэбэт, фокІадэм и 13

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Александр Масляков. «Улыбнитесь, вспомнив обо мне...» (16+)
**11.05** «Вспомнить все» (12+)
**12.15** Поехали! (12+)
**13.05** Х/ф «Я ШАГАЮ ПО МОСКВЕ» (16+)
**14.35** Х/ф «БОЛЬШАЯ ПЕРЕМЕНА» (16+)
**17.05** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** Концерт Ларисы Долиной «Юбилей в кругу друзей»
**21.00** «Время»
**21.35** КВН. Встреча выпускников-2025 (16+)
**23.55** Д/ф «Александр Масляков. «Улыбнитесь, вспомнив обо мне...» (16+)
**00.45** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Юмор! Юмор! Юмор!!!» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «ПОХИЩЕННАЯ» (16+)
**00.40** «Посвящение Москве». Трансляция из парка «Зарядье». К 878-летию Москвы

### НТВ

**04.55** Х/ф «ЛОВУШКА» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Основано на реальных событиях» (16+)
**14.00** «Секрет на миллион» (16+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Своя игра» (0+)
**18.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.10** «ВИА Суперстар!» Новый сезон (16+)
**00.00** «Ты не поверишь!» (16+)

### ЗВЕЗДА

**04.40** Х/ф «ТРИ ДНЯ В МОСКВЕ»
**07.00** Х/ф «АТАКА» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**10.35** «Не факт!» (12+)
**11.05** «Мужики». «Сапер Дядя Саша» (16+)
**11.35** «Легенды кино». Лариса Голубкина (12+)
**12.30** «Любовь на линии огня». «Мне б только руки твоей тихо коснуться...» (16+)
**13.15** «ПолитУкладчик» (16+)
**14.00** Д/с «Москва фронту» (16+)
**14.25** Д/с «Битва оружейников»
**15.20** Х/ф «ЭКИПАЖ МАШИНЫ БОЕВОЙ» (16+)
**16.50** Х/ф «ДЕЛО БЫЛО В ПЕНЬКОВЕ» (16+)
**19.20** «С днем рождения, Москва!» Праздничный концерт «Дорожного радио»
**21.15** «Галерея Звезд». Кира Прошутинская (12+)
**23.20** Х/ф «КОРПУС ГЕНЕРАЛА ШУБНИКОВА» (16+)
**01.15** Х/ф «ВОРОТА В НЕБО» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** М/ф «Сплюшка». «Ай да Пушкин!». «Маленький рыжик»
**07.25** Х/ф «СВИНАРКА И ПАСТУХ» (16+)
**08.50** Д/ф «Свинарка и пастух». Друга я никогда не забуду»
**09.30** «Мы - грамотеи!»
**10.15** Х/ф «ПО СЕМЕЙНЫМ ОБСТОЯТЕЛЬСТВАМ» (16+)
**12.25** Черные дыры. Белые пятна
**13.10** Д/с «Земля людей»
**13.35** Д/ф «Сила природы»
**14.30** «Рассказы из русской истории»
**15.25** Большие и маленькие
**17.30** Линия жизни
**18.20** Х/ф «ЧЕРТ С ПОРТФЕЛЕМ»
**19.30** Новости культуры
**19.50** Д/ф «Роман в камне»
**20.20** Юрий Башмет, Константин Хабенский, Сергей Гармаш и Полина Агуреева в большом праздничном концерте «Посвящение Москве». Трансляция из парка «Зарядье»
**22.00** «Агора»
**23.00** Клуб «Шаболовка, 37»
**00.05** Х/ф «СВИНАРКА И ПАСТУХ» (16+)

### МАТЧ!

**06.00** Матч! Парад (16+)
**07.00, 12.20** Новости
**07.05, 21.00, 23.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.30** Летний биатлон. Альфа-банк. Чемпионат России. Спринт. Женщины. Прямая трансляция из Чайковского
**10.25** Летний биатлон. Альфа-банк. Чемпионат России. Спринт. Мужчины. Прямая трансляция из Чайковского
**12.25** Регби. «Красный Яр» (Красноярск) - «ВВА-Подмосковье» (Монино). Pari. Чемпионат России. Прямая трансляция
**14.30** Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Казань Ринг. SMP TCR. Прямая трансляция
**15.30** Футбол. «Динамо» (Москва) - «Спартак» (Москва). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**18.55** Футбол. «Ювентус» - «Интер». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**21.35** Футбол. «Фиорентина» - «Наполи». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.00** Смешанные единоборства. Д. Лопес - Ж. Силва. UFC. Прямая трансляция из США

## Тхьэмахуэ, фокІадэм и 14

### 1

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Играй, гармонь любимая!
**06.55** «Часовой» (12+)
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки» (12+)
**09.30** «Мечталлион». Национальная лотерея (12+)
**10.15** «Жизнь других» (12+)
**11.05** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** «Видели видео?» (0+)
**13.30** Д/ф «Светлана Крючкова. «Мы выбираем, нас выбирают»
**14.20** Х/ф «БОЛЬШАЯ ПЕРЕМЕНА»
**16.50** Д/ф «Уроки забвения». Полная версия. Фильм Ивана Благого» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «Две звезды». Семейный подряд (12+)
**21.00** «Время»
**23.00** Т/с «ТРИГГЕР» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.25** Х/ф «ДВА МГНОВЕНИЯ ЛЮБВИ» (16+)
**07.20** «В кругу друзей»
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** Утренняя почта с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** Д/ф «Путь. К 80-летию атомной промышленности» (12+)
**13.00** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**15.00** «Аншлаг и Компания» (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**20.00** Вести недели
**22.30** Москва. Кремль. Путин
**23.00** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**05.05** Х/ф «ОТЦЫ» (16+)
**06.50** «Центральное телевидение»
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.00** «Однажды...» (16+)
**15.00** Д/с «По следу монстра» (16+)
**16.20** Человек в праве с Андреем Куницыным (16+)
**17.00** «Своя игра» (0+)
**18.00** «Новые русские сенсации»
**19.00** Итоги недели
**20.20** «Ты супер!» Новый сезон (6+)
**23.40** «Звезды сошлись» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.45** Х/ф «СТРОГАЯ МУЖСКАЯ ЖИЗНЬ» (16+)
**07.35** Х/ф «ЭКИПАЖ МАШИНЫ БОЕВОЙ» (16+)
**09.00** Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
**09.25** «Служу России» (12+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Николай Мамонов (12+)
**11.30** «Легенды армии с Александром Маршалом». Григорий Фокин (12+)
**12.20** Д/с «Война миров». «Битва в чистом поле. Герои-танкисты против немецких захватчиков» (16+)
**13.10** «Код доступа» (12+)
**14.00** «Улика из прошлого». «Ремонт на ходу и по ходу боя. Загадка атакующих танков» (16+)
**14.50** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**15.40** Д/с «Секретные материалы». «Операция «Скачок». Самый большой испуг Гитлера»
**16.30** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Несокрушимый». История забытого подвига» (12+)
**17.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**18.00** Главное с Ольгой Беловой
**19.40** Д/ф «Танки Второй мировой войны» (16+)
**21.15** «За труды и Отечество». Торжественный вечер, посвященный 300-летию со дня учреждения ордена Александра Невского (6+)
**23.00** «Фетисов». Ток-шоу (12+)
**23.55** Х/ф «ДЕЛО БЫЛО В ПЕНЬКОВЕ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** М/ф «Молодильные яблоки». «Тайна третьей планеты»
**07.45** Х/ф «ЧЕРТ С ПОРТФЕЛЕМ»
**08.55** Диалоги о животных
**09.40** Д/ф «Его назвали Гением. Геннадий Юхтин»
**10.20** Х/ф «ТАЙНА ЗОЛОТОЙ ГОРЫ» (16+)
**11.30** «Метод Сократа»
**12.15** Неизвестные маршруты России
**12.55** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**13.25** Д/с «Элементы» с Людмилой Сягаевой»
**13.50** «Страдалец до Голгофы». Вечер памяти священномученика Вениамина в Большом зале Санкт-Петербургской филармонии имени Д.Д. Шостаковича.»Страдалец до Голгофы». Вечер памяти священномученика Вениамина в Большом зале Санкт-Петербургской филармонии имени Д.Д. Шостаковича
**15.05** Х/ф «СВЕТ ЗА ШТОРАМИ»
**16.30** «Картина мира с Михаилом Ковальчуком»
**17.15** «Романтика романса»
**18.10** Д/ф «Антонин Капустин - создатель Русской Палестины»
**19.30, 19.45** Новости культуры
**20.25** Х/ф «ПО СЕМЕЙНЫМ ОБСТОЯТЕЛЬСТВАМ» (16+)
**22.40** Летний фестиваль Дениса Мацуева в Суздале. Концерт-открытие фестиваля
**23.50** «Кинескоп» с Петром Шепотинником

### МАТЧ!

**06.00** Матч! Парад (16+)
**07.00** Новости
**07.05, 16.25, 01.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.30** Летний биатлон. Альфа-банк. Чемпионат России. Эстафета. Женщины. Прямая трансляция из Чайковского
**10.50** Летний биатлон. Альфа-банк. Чемпионат России. Эстафета. Мужчины. Прямая трансляция из Чайковского
**12.45** Автоспорт. Чемпионат России. Казань Ринг. SMP Formula 4. Прямая трансляция
**13.45** Легкая атлетика. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Японии
**16.45** Футбол. «Балтика» (Калининградская область) - «Зенит» (Санкт-Петербург). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**19.00** Борьба. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Хорватии
**20.40** Смешанные единоборства. Е. Ерохин - А. Бакытжанула. ACA. Прямая трансляция из Казахстана
**21.55** Футбол. «Барселона» - «Валенсия». Чемпионат Испании. Прямая трансляция

## ОТР

**Блыщхьэ, фокІадэм и 8**

**6.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ЩІэплъыпІэ» (12+)
**6.40** «ІэщІагъэкІэ журналистщ». Мэрем Задин (12+)
**7.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Шынагъуэншэ гъуэгу» (12+)
**7.40** «Зэгъусэу доджэ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Бзылъхугъэ сурэт». УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр Хутуевэ Светланэ (12+)
**8.50** «Пхъуантэ телъыджэ цІыкІу» (6+)
**17.00** «ХъыбарыщІэхэр» (16+)
**17.10** «Ракурс». УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм КъБР-м щрагъэкІуэкІа зэІущІэ (12+)
**17.30** «Спектр». Журналист Ярошенкэ Александр (12+)
**18.00** «Гамзатов Расулрэ Кулиев Къайсынрэ: щэнхабзэхэр зэподжэж» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщІэхэр» (16+)

**Гъубж, фокІадэм и 9**

**6.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Кэнжэ и жыг хадэхэр» (12+)
**6.30** «Спектр». Журналист Ярошенкэ Александр (12+)
**7.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Ракурс». УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм КъБР-м щрагъэкІуэкІа зэІущІэ (12+)
**7.30** «ГъащІэ къущІитар ІуэхуфІ блэжьын папщІэщ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Гамзатов Расулрэ Кулиев Къайсынрэ: щэнхабзэхэр зэподжэж» (12+)
**8.50** Абрамцевэ Н. «Сэ сыхэт?» Сабийхэм папщІэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщІэхэр» (16+)
**17.10** «Щытхъу зиІэ дохутыр» (12+)
**17.50** «Зэманым екІуу» (12+)
**18.15** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**18.30** «Хабзэр яхъумэу» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщІэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, фокІадэм и 10**

**6.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Хабзэр яхъумэу» (16+)
**6.25** «Къэгъэзэжыгъуэ». УФ-м и СурэтыщІхэм я союзым хэт Хьэжу Мурат (12+)
**7.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Щытхъу зиІэ дохутыр» (12+)
**7.50** Ретроспективэ. «Іуащхьэмахуэ лъапэ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**8.25** «Классикэр псоми папщІэ» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщІэхэр» (16+)
**17.10** КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Зумакуловэ Танзиля (12+)
**17.35** Артист, журналист, усакІуэ Іусен Олег (12+)
**18.00** КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ ЩоджэнцІыкІу Іэдэм и гъащІэмрэ и творчествэмрэ теухуауэ (12+)
**18.35** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщІэхэр» (16+)

**Махуэку, фокІадэм и 11**

**6.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛІыхъужь Тамбий Владимир
**6.40** КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Зумакуловэ Танзиля
**7.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ ЩоджэнцІыкІу Іэдэм и гъащІэмрэ и творчествэмрэ теухуауэ (12+)
**7.45** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іущхэмрэ Іущыцэхэмрэ» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** Артист, журналист, усакІуэ Іусен Олег (12+)
**8.35** Малкандуев Ахъмэт. 3-нэ симфоние. «Ива» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщІэхэр» (16+)
**17.10** «Сабийхэм я гур къэфхьэхуащ» (12+)
**17.25** «Си Хэку». СССР-м и цІыхубэ артист Кобзон Иосиф и концерт (12+)
**18.05** «Япэ балетмейстер». Дашу Хьэшыр (12+)
**18.35** «02» къулыкъущІапІэм хъыбар фегъащІэ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщІэхэр» (16+)

**Мэрем, фокІадэм и 12**

**6.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «02» къулыкъущІапІэм хъыбар фегъащІэ» (16+)
**6.20** «Си Хэку». СССР-м и цІыхубэ артист Кобзон Иосиф и концерт (12+)
**7.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Япэ балетмейстер». Дашу Хьэшыр (12+)
**7.40** «Телефон, интернет гъэпцІакІуэхэр» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщІэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Сабийхэм я гур къэфхьэхуащ» (12+)
**8.25** «Дыщэ джэджьей цІыкІу». Республикэ гуащэ театрым и спектакль (6+)
**17.00** «ХъыбарыщІэхэр» (16+)
**17.10** «Кавер-шоу». Макъамэ нэтын (12+)
**17.50** «ПщІэну щхьэпэщ» (12+)
**18.25** «ЩІэплъыпІэ» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщІэхэр» (16+)

**Щэбэт, фокІадэм и 13**

**6.00** «Кавер-шоу». Макъамэ нэтын (12+)
**6.40** «ПщІэну щхьэпэщ» (12+)
**7.10** «ЩІэплъыпІэ» (12+)
**7.30** «Бынхэмрэ адэ-анэхэмрэ» (12+)
**8.10** Бально-спорт къафэхэм я концерт (12+)
**17.00** «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (12+)
**17.10** Гъуазджэм теухуауэ (12+)
**17.25** «КъэкІуэнум и дуней» (12+)
**17.55** «ЩІыналъэхэм щыхъыбархэр» (12+)
**18.25** «ЩІэин». РСФСР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Кузьмин Валентин къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум ирихьэлІэу (12+)

**Тхьэмахуэ, фокІадэм и 14**

**6.00** «КъэкІуэнум и дуней» (12+)
**6.30** «ЩІыналъэхэм щыхъыбархэр» (12+)
**7.00** «ЩІэин». РСФСР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Кузьмин Валентин къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум ирихьэлІэу (12+)
**7.35** «ХьэщІэщ». Урыху къуажэ (12+)
**8.45** Гъуазджэм теухуауэ (12+)
**17.00** «Кавказ зэкъуэт». ЩІалэгъуалэ форум (12+)
**17.15** «Лейтенант нэхъыжьым и иужьрей Іуэху». Мысрокъуэ СулътІан (12+)
**17.30** «КъэкІуэнур нобэм пыщІащ». Сценарист, режиссер, монтажер, продюсер Гашокин Георгий (12+)
**18.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»

# 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, фокIадэм и 8**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (12+)
**6.20** «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.20** «Лэгъупыкъу». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**8.45** «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.40** «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Сценэм къыхуигъащIа» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**19.05** «Черкасскэхэр Урысейм и тхыдэм къызэрыхэщыр». «Останкинэ щIапIэр». Еянэ фильм (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Волонтерхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.45** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**21.00** «Гамзатов Расулрэ Кулиев Къайсынрэ: щэнхабзэхэр зэподжэж» (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, фокIадэм и 9**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.30** «Волонтерхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Къыхэхахэр». Шаваев Акат (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Гамзатов Расулрэ Кулиев Къайсынрэ: щэнхабзэхэр зэподжэж» (12+)
**8.50** Абрамцевэ Н. «Сэ сыхэт?». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Лэгъупыкъу». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (:+)
**17.25** «Усыгъэ». Гугъуэт Заремэ и усэхэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.40** «ЩIэныгъэр-гъуэзэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.10** «Бгыщхьэ макъамэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Уи зэман» Тележурнал (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Лъэпкъ хабзэм и щапхъэт…». КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ МафIэдз Сэрэбий и фэеплъу (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.40** «Чамхана». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Зэманым екIуу» (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, фокIадэм и 10**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Лъэпкъ хабзэм и щапхъэт…». КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ МафIэдз Сэрэбий и фэеплъу (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Чамхана». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «ЦIыху Iущхэм зэрыжаIауэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Зэманым екIуу» (12+)
**8.40** «Дюймовочка». Сабийхэм папщIэ спектакль (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тхылъымрэ сэрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.35** «Уэрэд щIаусыр». Сэбан Заремэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.05** «Дызэгъусэу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Нотэ нэжэгужэхэр» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ЛIыгъэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.25** «Ди щIыналъэм щыпсэу цIыхухэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.55** «Бзылъхугъэ сурэт». Налшык къалэ дэт школ-интернат №1-м и унафэщI Зэхъуэхъу Б. (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, фокIадэм и 11**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «Бзылъхугъэ сурэт». Налшык къалэ дэт школ-интернат №1-м и унафэщI Зэхъуэхъу Б. (12+)
**6.55** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Ди щIыналъэм щыпсэу цIыхухэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «IэщIагъэ дызыхуэныкъуэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Классикэ макъамэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.50** «Пхъумрэ мылъхупхъумрэ». Сабийхэм папщIэ спектакль (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Дыгъэ-щыгъэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.40** «Динымрэ гъащIэмрэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.10** «Анэдэлъхубзэ». Телевикторинэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.40** «Темыркъаным и пшыхьхэр». Симфоние макъамэм и фестиваль. Япэ пшыхь. Япэ Iыхьэ (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**19.55** «ЩIапхъэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.45** «Хэкум и хъумакIуэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Япэ балетмейстер». Дашу Хьэшыр (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, фокIадэм и 12**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ЩIапхъэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**7.20** «Япэ балетмейстер». Дашу Хьэшыр (12+)
**7.50** «Бжьыхьэр бгыхэм» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Хэкум и хъумакIуэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.35** «Езым и дуней» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Зэрыбгъасэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.35** «Уи пщIэр уи IуэхущIафэрщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.05** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Темыркъаным и пшыхьхэр». Симфоние макъамэм и фестиваль. Япэ пшыхь. ЕтIуанэ Iыхьэ
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Ди пщэфIапIэм» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.30** «Си Iуэху еплъыкIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Ракурс». Аккизов Керим и творчествэр (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, фокIадэм и 13**

**6.00** «Зэрыбгъасэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.25** «Ди пщэфIапIэм» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.05** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.45** «Ракурс». Аккизов Керим и творчествэр (12+)
**8.25** «Дыщэ джэджьей цIыкIу». Республикэ гуащэ театрым и спектакль (6+)
**17.00** «ЩIылъэмрэ уэгумрэ ятеухуауэ» (12+)
**17.20** «Гукъыдэж фиIэну» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.00** «Iэпэ дыщэхэр». Лъэпкъ IэпщIэлъапщIагъэм и фестиваль (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.30** «Лъэпкъыр зыгъэуардэ». Мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Джыназ Борис (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**19.15** «Си насыпыр». СССР-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хутуевэ Любовь (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.50** «Сейир эте, жашаргъа». Скульптор Черкесов ТIахьир (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.20** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**20.35** «Темыркъаным и пшыхьхэр». Симфоние макъамэм и фестиваль. ЕтIуанэ пшыхь. Япэ Iыхьэ (12+)
**21.25** «КъэкIуэнум и дуней» (12+)

**Тхьэмахуэ, фокIадэм и 14**

**6.00** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.15** «Лъэпкъыр зыгъэуардэ». Мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Джыназ Борис (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.50** «Iэпэ дыщэхэр». Лъэпкъ IэпщIэлъапщIагъэм и фестиваль (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.20** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**7.35** «Сейир эте, жашаргъа». Скульптор Черкесов ТIахьир (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.05** «КъэкIуэнум и дуней» (12+)
**8.35** «Страна улыбок». Сабийхэм папщIэ нэтын (12+)
**17.00** «Темыркъаным и пшыхьхэр». Симфоние макъамэм и фестиваль. ЕтIуанэ пшыхь. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**17.45** «ГушыIалъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.25** «Си гукъэкIыжхэр». Лэжьыгъэм и ветеран Щад Мотя (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.45** «Къалэн». Теленовеллэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.10** «Жыр салам». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.50** «Сурэтхэм къаIуатэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Тхыдэм къыхэщхэр». Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Дэгужьей Виталий (12+)
**20.55** «ЩIыналъэхэм щыхъыбархэр» (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»

# «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, фокIадэм и 8**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** Мамхэгъ Раисэ. «Адыгэхэр, тхыдэмрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «Усыгъэм къыдэкIуа зэныбжьэгъугъэ». Гамзатов Расул (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** «ЛIэщIыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.50** ЩоджэнцIыкIу Iэдэм. «Си гъащIэр» повестыр. Япэ Iыхьэр (урысыбзэкIэ)
**15.50 - 16.00** «Лъэпкъ щапхъэм тету» (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** «ЩIызэгурыIуа зэIущIэхэр». Додуев Аскэр (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, фокIадэм и 9**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Гупсэхугъуэ». Трамовэ Любэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Iущыгъэ зыхэлъ гупсысэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Илъэсхэмрэ гъащIэхэмрэ» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Бжьыхьэ теплъэгъуэхэр». Концерт (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхухэм ятеухуауэ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Таурыхъхэм я дунейм – нэгузегъэужьакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Уэрэдыр гъащIэм щиIэпэгъуу». ЖьакIэмыхъу Жансурэт (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** «Зи IэщIагъэм хуэIэзэхэр». Мамий Заретэ (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, фокIадэм и 10**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Псэкупсэ джэлэс» (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэм щыщщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «ЛIэщIыгъуэхэм къапхыкIыу» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Махуэ къэс узыхэт Iуэхухэм зегъэсэж». Психологым допсалъэ (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Зыгъэпсэхугъуэ ин» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «Зауэ гъуэгуанэхэмкIэ». Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «ЩIым къытрина лъэужьыр» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, фокIадэм и 11**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Макъамэм и дунейм». Жашуев Башир (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «ЩIыуэпсым теухуа теплъэгъуэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Къуэдзокъуэ ТIалиб теухуа хъыбархэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди фонотекэм щIэуэ къыхэхъуахэр» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Узыншагъэм теухуауэ иджыри зэ». Лы лей зытелъхьэныр (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «XX лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ». ЩоджэнцIыкIу Iэдэм (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 18.50** «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ» радиопроектыр. Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, фокIадэм и 12**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «КъызыхуигъэщIа IэщIагъэр». Чанаевэ Розэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.50** «ЦIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа». Тубай Мухьэмэд (адыгэбзэкIэ)
**8.50 - 9.00** «Лъэпкъ Iэмэпсымэхэм кърагъэкI макъамэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.35** «Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ» (урысыбзэкIэ)
**13.35 - 13.45** «Ар тщIэн хуейщ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Илъэсхэм къапхыкIа зэныбжьэгъугъэр тщымыгъупщэу» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Ууаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэм и дакъикъэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Бжэ телъыджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, фокIадэм и 13**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** «Макъамэ калейдоскоп» (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, фокIадэм и 14**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** Жантуев Исса. «Щауэ» радиоинсценировкэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.10 - 12.00** «Литературэ тхыгъэхэу пленкэм щIэуэ тредгъэтхахэр». Лермонтов Михаил. «Измаил-Бей» романым щыщ пычыгъуэхэр (адыгэбзэкIэ)

# «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, фокIадэм и 8**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». ПащIэ Б. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Лъэхъэнэм и цIыхуищэ». КIэнцIэлий Леон (12+)
**17.20** «Гупсэхугъуэрэ нэхурэ солъыхъуэ». Семэн Р. и фэеплъу (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, фокIадэм и 9**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «ЦIыху». Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэ щэнхабзэмкIэ фонд (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». БжьыхьэлIхэ я лъэпкъ зыхуэс (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, фокIадэм и 10**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Тщыгъупщэ хъунукъым» (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Сабий нықъуэдыкъуэхэм яхуэгъэза псапащIэ Iуэху (6+)
**17.10** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Тхьэбысым У. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, фокIадэм и 11**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «ЦIыху». Атмурзаевэ Розэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Узыншэу фыщыт». Бапинаевэ А. (12+)
**17.20** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Щукин Борис и цIэр зезыхьэ Театральнэ институтыр къызэраухрэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу. Япэ Iыхьэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, фокIадэм и 12**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Онлайн». Мэремыкъуэ Резуан (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Студие иным щекIуэкIа интервью» (12+)
**17.30** «КъБР-м щыIэ волонтер зэщIэхъееныгъэ» (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, фокIадэм и 13**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, фокIадэм и 14**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

# «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, фокIадэм и 8**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, фокIадэм и 9**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, фокIадэм и 10**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, фокIадэм и 11**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, фокIадэм и 12**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, фокIадэм и 13**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, фокIадэм и 14**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

# КъБР-м и РАДИО

**Блыщхьэ, фокIадэм и 8**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**6.45** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):***
***7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):***
***7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):***
***7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.40** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - **24.00** «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, фокIадэм и 9**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):***
***7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):***
***7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):***
***7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.50** - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Миллет хазнабыздан» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ)
**12.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**16.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**22.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Бэрэжьей, фокIадэм и 10**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**4.00** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):***
***7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):***
***7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):***
***7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.20** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**14.40** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.20** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Салам алейкум» (урысыбзэкIэ)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Махуэку, фокIадэм и 11**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**4.10** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**4.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):***
***7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):***
***7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):***
***7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, фокIадэм и 12**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):***
***7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):***
***7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):***
***7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.45** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, фокIадэм и 13**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, фокIадэм и 14**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

Ди псэлъэгъуухэр





# Зэпкърилъхьащ адыгэ кхъухь

**Гъэщ1эгъуэныр жыжьэ щыIэкъым жи... Пэжу, къытхэтщ зэ Iуплъэгъуэкlэ цIыху къызэрыгуэкIыу, укIэлъыплъыжамэ - дуней псо пкърылъу нэрыбгэ къызэрымыкIуэхэр, зэчиифIэхэр. Апхуэдэу, фейсбуккIэ нэIуасэ схуэхъуауэ, илъэс зыбжанэ щIауэ сцIыхурт ДыщэкI Алим. Адыгэбзэр налъэ-налъэу зэпкърихрэ, пычыгъуэ къэс мыхьэнэ зырыз зэраIэжыр хущIыхьэгъуэкIэ зыдж а гупсысакIуэм пасэрей адыгэ кхъухь ищIауэ щызэхэсхым, нэхъ гъунэгъуу зэзгъэцIыхуну, и Iэдакъэщ1экIхэм тезгъэпсэлъыхьыну сылъыгъуэзащ.**

*ЛIЫ псыгъуэ нащхъуэр зэрыукIытэхыр наIуэщ, «си цIэр къыхыумыгъэщ, сурэти стумых» жиIэурэ щыпкъэу трегъэчыныхь. ЩIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн гуэр и Iэдакъэ къыщIэкIауэ игугъэххэкъым, къызэрыгуэкI дыдэу зыкъелъытэж. Арами, ДыщэкI Владимир зи унафэщI «ЭтноРест» шхапIэм и блын лъагэм Алим зэпкърилъхьауэ къыдэплъ кхъухьыр, зэрыбгъэщIэгъуэнур умыщIэу, инщ, дахэщ, зыхуей хуэгъэзауэ екIущ.*

- Мыр курыт лъэхъэнэхэм адыгэхэм яIа кхъухьым тетщIыкIыжауэ аращ. 1938 гъэм Зевакинымрэ Пенчкэ Нинэрэ зэдатха «Генуэ жылэхэр Кавказ КъуухьэпIэм 13 - 15-нэ лIэщIыгъуэхэм» тхылъым къисхыжащ. Абы зэритымкIэ, курыт лIэщIыгъуэхэм адыгэхэр хытет лъэрызехьэу, щIыпIэ жыжьэхэм къыщацIыхуу, кхъухь къызэрымыкIуэхэр яухуэу, сондэджэр Iуэхуу хы ФIыцIэм къыщекIуэкIам и курыкупсэм хэту щытащ. ИпэжыпIэкIи, нобэ «пират» жыхуэтIэ хытет бзаджащIэхэри я мащIэтэкъым ди япэ итахэм. Уеблэмэ хытет бзаджащIэхэм я зэхуэсыпIэу къалъытэрт хы ФIыцIэм и кавказ Iуфэри, хъумакIуэ зэщIэузэдахэр зэпымычу щызэхэзекIуэрт. Езы адыгэ бзаджащIэхэм я дуней тетыкIэу щытамрэ лIыгъэу яхэлъамрэ къыхощыж Венецием и лIыкIуэу Къэжэрым щыIа ди Алессандрэ Винченцэ 1572 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м итхауэ щытам. «Чыристан адыгэхэр кхъухь 24-рэ хъууэ тырку Iуфэм къытеуэри, мил 300-кIэ къуажэрэ жылэу щыIэр зэхадыгъуэщ, жызум хадэхэр зэтракъутэщ, цIыху куэд яукIщ, бзылъхугъэхэр яхьщ, ахъшэрэ хьэпшыпу ягъуэтыр ягъэкIуасэри, загъэбзэхыжащ. Конье къалэм и унафэщIхэр мэгузавэ ахэр къалэм къыдыхьэнкIэ. СулътIан Сэлим унафэ ищIри, зэщIэузэдауэ кхъухьи 6 къигъэкIуащ къалэр ихъумэну, псы Iуфэм дыдыхьэу ядэркъым, къалэр ягъэбыдэ. Сэ Куржымрэ Адыгэ Хэкумрэ сыкIуэн хуейуэ гъуэгу сытеувэну унафэ къысхуащIти, сышынэри, къэзгъэзэжащ», - итщ абы. Дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, адыгэпщхэр хытет бзаджащIэхэм я гъуазэу щахэтари гъунэжщ. Ахэр генуэзхэм ятеуэрейрэ яхъунщIэрти, Къаффэм къикIыу дзэ кхъухь абрагъуэхэр къаутIыпщырт, сондэджэрхэр псэууэ зэрыхьзэрийм хышын къудей щхьэкIэ. Абы къикIыркъым адыгэхэр курыт лъэхъэнэхэм бзаджащIэ защIэу хэпсэукIауэ... Езы генуэзхэми апхуэдэ щIэпхъаджагъэ щащIэр гъунэжти, адыгэхэм ялъ ящIэжауэ жыпIэ хъунущ.

- **СызэрыщыгъуазэмкIэ, сауэгъэт хуэдэу, кхъухь цIыкIухэр пщIыуэ къебгъэжьат, Алим. Ауэрэ, адыгэхэр хым зэрытета дзэ кхъухьышхуэ пщIащ...**

- КхъыIэ, пщIащ жумыIэ! Ар си закъуэкъым зыщIар. Пэжщ, цIыкIуу сщIыуэ къезгъэжьат, мы дызыщIэс шхапIэр зей ДыщэкI Владимир тыгъэ къыхуэсщIат апхуэдэ зыи, пщIантIэм кхъухьышхуэ дэтамэ сыту фIы хъунут жиIэри, гъущIыпкъ хуигъэуващ, зэпкърилъхьэну. Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ «ЭтноРест»-р адыгэ щэнхабзэм тещIыхьауэ, Iэщэ-фащэхэр, хьэпшыпхэр куэду щыбгъуэтыну екIуэлIапIэу зэрыщытыр. Сэ IэщIагъэкIэ сыухуакIуэти, къызэчэнджэщыну сыкъыщриджэм, дэIэпыкъуэгъу сыхуэхъуауэ аращ - гъущIыпкъ игъэувар пхъэкIэ къесIулIэкIащ, бэлагъэр сщIащ.

- **ПщIантIэгъэдахэ мыхъуу, дзэ кхъухь дыдэу уIуоплъэ!**

- Тхыдэм къыхэнэжауэ зы сурэт закъуэщ къэзгъуэтар. Нэхъыбэ щыIэми сщIэркъым, ауэ а сурэтым къыпкърысхыфыр къыпкърысхащ. Кхъухь ухуэкIэм ар зэрызекIуэ Iэмэпсымэр, капитаным и тIысыпIэр къыхэзгъэщхьэхукIащ. Сурэтым къызэрищымкIэ, цIыху дапщэ исыпхъэми къэзбжащ. А псоми ятещIыхьыжауэ, и инагъкIи зэпэбжауэ щытщ.

- **Кхъухьыпэм тет псэущхьэм и гугъу уэзгъэщIынут. Благъуэу уIуоплъэ... Хьэмэрэ, сыщыуэрэ?**

- Благъуэкъым. Ар зэм гуущхьэщ, зэми ажэщ. Бжьакъуэхэр зэрызэкIэщIэхамкIэ къыпхуощIэ ар сытми. Нэхъ зэкIэщIэту, кIыхьу къакIуэмэ - ажэщ, нэхъ кIэщIу, зэкIэщIэхамэ - гуущ. Ажэгъафэр сытым дежи адыгэм къыддекIуэкI пыпхэщ, гуур - мейкъуапэ щэнхабзэщ. ТIури зэрыадыгэ дамыгъэм шэч лъэпкъ хэлъкъым.

- **УухуакIуэу жыбоIэ, ауэ адыгэ щэнхабзэми, тхыдэми, бзэми фIыуэ узэрыщыгъуазэр наIуэщ. КъищынэмыщIауэ, ди бзэр зэпкърыпхыурэ, адрей бзэхэм лъабжьэ хуэхъуа адыгэ псалъэхэр къызэрыпхутэми сыщыгъуазэщ. Дауэ абы узэрыхуэкIуар?**

- Сыщысабийм хьэщIэщ диIэт. Ар зэи нэщIу къэхъуртэкъым. Сытым дежи хьэщIэр ди куэду, абыхэм хабзэхэр кIэлъызэрахьэу, адыгэбзэ дахэрэ уэрэдыжьхэмрэ къыщIэIукIыу апхуэдэт. Дауи, псы къэсхьми, Iэпыдзлъэпыдзу сыщытми, а хьэщIэщым сыщIэтыху адыгэбзэ къызэрымыкIуэ щызэхэсхырт. Сигу къэкIыу ахэр стхыжакъым, иджыпстуи а псори къысхуэмыщIэжынри хэлъщ, ауэ абы щыгъуэ си тхьэкIумэм къиIуа адыгэбзэ дахэм хуэдэ зэи зыщIыпIи щызэхэсхакъым. Курыт еджапIэ сыщIэтIысхьэн хуей щыхъум, ди адэр ехъуапсэрт цIыху еджахэм, урысыбзэр фIыуэ зыщIэхэми, Налшык дэт курыт еджапIэ №11-м ситауэ щытащ. Нартан лъэсу сикIыурэ, абы нэс сыкIуэурэ седжащ. А лъэхъэнэм абы щылажьэхэр совет зэхэтыкIэм ипсыхьа егъэджакIуэ щыпкъэхэти, урысыбзэ лъэщрэ щIэныгъэ куукIэ дапсыхьащ, пэжыр пэжщ. Ар къэзухри, ди университетым и ПГС къудамэм сыщIэтIысхьащ, ухуакIуэу седжэну сыхъуапсэти. УхуакIуэуи, ухуакIуэхэм я унафэщIуи сылэжьащ, хьэгъуэлIыгъуэ щрагъэкIуэкI шхапIэхэр япэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахми ухуакIуэхэм я унафэщIу сахэтащ, иужьыIуэкIэ къэралыр щэщэжу псори хьэрычэтым щыхуэкIуэжам ари згъэунэхуащ, ауэрэ интернетыр къежьэри, узыхуей тхылъыр къэбгъуэтрэ уеджэфу хъуащ. Мис абы щыгъуэ адыгэ тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэм теухуауэ зыгуэрхэр къыщысIэрыхьэкIэ, сыблэмыкIыфу седжэрт. Зыгуэр къэсщIэхукIэ нэхъыбэж сщIарэт жысIэурэ сыхъуапсэрт. Апхуэдэу, иужьрей илъэс 15 - 20-м къриубыдэу куэд зэщIэзгъэхьащ, археологиеми, тхыдэ жыжьэми, бзэ щIэныгъэхэми ятеухуауэ. ИкIи гу зылъыстаращ - хамэ къэралхэм я тхылъ, дэфтэр хъумапIэхэм адыгэхэм ятеухуауэ апхуэдизкIэ щIэныгъэшхуэ щIокIуэдыхьри, ахэр къэзытIэщIыжын, къыкъуэзыхыжын, иджу утыку къизылъхьэным щхьэкIэ къонэ, зыри хэдмыщIыкIыу. Щхьэ ди унэфэщIхэм ар къагурыIуэу, ныбжьыщIэ зыбжанэ ягъэхьэзыру, палеографу ирамыгъаджэрэ? Уи фIэщ зэрыхъун, гъащIэ псо пхуримыкъуну тхыдэшхуэ къыкъуэмыщыжтэм! Абы сыт хуэдэу адыгэм ди пщIэр иIэтынут...

- **Пэжу, Италием и дэфтэр хъумапIэхэм адыгэхэм ятеухуауэ куэд щIэлъу жаIэ.**

- Абы и закъуэкъым, США-м щахъумэ дызытепсэлъыхь лIэщIыгъуэхэми нэхъапэIуэкIи Адыгэ щIыналъэм тращIыкIа картэхэр, псалъэм папщIэ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, абыхэм я кIапэ теувауэ, къыкъуэзыхыж, а картэхэр къэзыгъэщIэрэщIэж, утыку къизыхьэ закъуэтIакъуэхэр щыIэщ. Мис а псори зэхуэтхьэсыжыфамэ, къытщIэхъуэ щIэблэм едгъэщIамэ, адыгэ щэнхабзэмрэ бзэмрэ зэи мыкIуэдыжыну заIэтыжынут. Ар быдэу си фIэщ мэхъу.

- **ЩIэблэм теухуауэ... Гъэсэн гуэрхэр уиIэкъэ, Алим?**

- Хьэуэ, гъэсэн сиIэкъым, гъэсакIуэ зэфIэкI зэрызбгъэдэмылъым къыхэкIыу. Зыгуэр къыскIэлъыплъ защIэкIэрэ зригъасэмэ сыгуфIэнущ, ауэ цIыхум къыгурызгъэIуэфыркъым, згъэсэфыркъыми, апхуэдэ Iуэху зесхуэркъым. А кхъухь цIыкIухэм защеспщытам, сыт хуэдэу гугъу сехьа езыр! Сыщыуэм, къытезгъэзэжым, аргуэру сыщыуэм, абы губзыгъагъэ хэсхыурэ сщIауэ аращ япэрейр. ИужькIэ хуэIэрыхуэ сыхъуащ, дауи. Ауэ кхъухьышхуэм елэжьын щыщIэддзам хуабжьу гугъу дыдехьащ. Сымыпсэлъэжу, сымышхэжу сыкъэнат абы сегупсысурэ, ауэ сыт хуэдэу гузэгъэгъуэ сщыхъуа абы сабий гуп «быргубыргу» жиIэу, лъэ макъ ирагъэщIу щыдэжеям! Курыт лъэхъэнэхэм укъыщыхутауэ, пэж дыдэу, сабий гуп дэжейуэ къысщыхъурт.

- **Кхъухьхэм къищынэмыщIа зыгуэр пщIа иджыри?**

- Шыгу сщIащ, пхъэ шэрхъ щIэту. Япэ дыдэу цIыхум къигупсыса шыгур мыпхуэдэу щытагъэнщ жысIэурэ, хуэгъэфащэ защIэкIэ зэпкърыслъхьащ ар. КъищынэмыщIауэ, хьэкуэстэгу (колесница) зыгуэрым хуэсщIащ. Владимир фIыгъуэр Тхьэм къыхуищIэ, мы пщIантIэм егъэзыпIэ щысхухихауэ солажьэ, лъэщапIэ къызитащ, гугъэфIхэри диIэщ. Ауэ, кхъыIэ, иджыри зэ сынолъэIу, си закъуэ укъыстемытхыхь.

*Сэ абы щыму соплъ, и цIэ къизмыIуэу, апхуэдэ цIыху зэчиифIэр газетеджэхэм дауэ ящызбзыщIын, къисIуэми, зыгуэркIэ и жагъуэ мыхъуну, сымыгъэукIытэну пIэрэ жысIэурэ, сыгупсысэу. Хуабжьу сыщыгуфIыкIащ ди IэщIагъэлIхэм, щIэныгъэлIхэм, узэщIакIуэхэм иджыри зы къэзэрыхэхъуам. Тхъэм узыншагъэ кърит! А сэ слъэгъуам лъэпкъым и цIэр фIыкIэ игъэIунщ иджыри!*

**ФЫРЭ** Анфисэ.

# IэнатIэм и пщIэр къаIэт

**2025 гъэм жэпуэгъуэм и 8 - 12-хэм урысейпсо мэкъумэш диктант ди къэралым япэу щрагъэкIуэкIынущ. Ар траухуэнущ Мэкъумэш-промышленнэ комплексым и тхьэмахуэмрэ Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэхэм елэжьхэм я махуэмрэ гъэлъэпIэным. Я щIэныгъэр здынэсыр абы щагъэунэхуфынущ еджакIуэхэми, студентхэми, мэкъумэш IэнатIэм пэрытхэми.**

ДИКТАНТЫР зытхынухэм упщIэ 30-м жэуапхэр иратыжыну къапэщылъщ: Урысейм и АПК-м и тхыдэм щегъэжьауэ мэкъумэш туризмэмрэ бжыгъэ лъабжьэ зиIэ технологиехэм я деж нэсу хиубыдэу. Ахэр ягъэхьэзыращ экспертхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

Мэкъумэш диктантыр лIэужьыгъуитIкIэ ирагъэкIуэкIынущ: япэр интернеткIэ - агродиктант.рф-м и платформэм къагъэсэбэпу. ЕтIуанэр очнэу щытынущ икIи ар щызэхэтынущ къэралым и мэкъумэш вузхэм, колледжхэм, курыт еджапIэхэм, мэкъумэш IуэхущIапIэ инхэм, «Урысеймэкъумэшбанкым» и хэщIапIэхэм - псори зэхэту щIыпIэ миным щIигъум.

Диктантым хэтынухэм псоми электроннэ сертификатхэр иратынущ, текIуахэм - дипломхэр. Къызэгъэпэщакlуэхэм зэрыжаIамкIэ, гугъэ щыIэщ цIыху мелуаным щIигъум я зэфIэкIхэр абы щагъэлъэгъуэну.

Диктантыр къызэрагъэпэщынущ «Урысей къуажэ» пэхуэщIэмрэ «Урысеймэкъумэшбанкымрэ», УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ жылагъуэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэмрэ къадэIэпыкъуу икIи абы и къалэн нэхъыщхьэу щытынур къэралым и мэкъумэш IэнатIэм и пщIэр къэIэтынымрэ цIыху нэхъыбэ абы къыхэшэнымрэщ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ** Алыдж.



**Сурэтыщl гъуазджэхэмкlэ музейр, Ткаченкэ Андрей и цlэр зезыхьэр, къызэрызэlуахрэ мы гъэм илъэс 65-рэ, урысей, къухьэпlэ, къуэкlыпlэ къэралхэм я гъуазджэ хьэпшыпхэр абы зэрыщахъумэрэ илъэси 100 ирокъу.**

# ЦIыхубэм яфIэгъэщIэгъуэнщ музейм и тхыдэ гъуэгуанэр

2011 гъэм щыщlэдзауэ Ткаченкэ Андрей и цlэр зезыхьэ музейр - сурэтыщl гъуазджэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и музейм и зы lуэхущlапlэщ.

Илъэсищэкlэ узэlэбэкlыжмэ, 1925 гъэм, Москва и Урыс къэрал музейм, Эрмитажым я фондхэм, цlыху щхьэхуэхэм къабгъэдэкlыу Налшык кърагъэшат пасэрей гъуазджэ хьэпшып 200-м щlигъу. Абы лъандэрэ а хъугъуэфlыгъуэр ди щlыналъэм щахъумэ, блэкlа зэманымрэ нобэмрэ зэпащlэу. Музейм гъэтlылъыгъэ лъапlэу иlэщ сурэтхэр, фарфорым къыхэщlыкlа хьэкъущыкъухэр, блын сыхьэтхэр.

1960 - 1980 гъэхэм хьэпшыпхэм къахэхъуащ пащтыхь, совет зэманым щыlа гъуазджэ лэжьыгъэхэр, щlыналъэм и сурэтыщlхэм я lэдакъэщlэкlхэр. Абы щlэлъщ XVIII - XIX лlэщlыгъуэхэм щыlа хьэпшыпхэр, Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я художникхэм XX лlэщlыгъуэм я lэдакъэ къыщlэкlахэм щыщ, Хэку зауэшхуэм хэта сурэтыщlхэм я лэжьыгъэхэр (Ваннах Михаил, Жэрыщты Аслъэнбий, Славников Всеволод, Третьяков Николай, Трындык Николай сымэ я lэдакъэщlэкlхэр).

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуазджэм теухуа lыхьэм хагъэхьащ цlыхубэ декоративно-прикладной гъуазджэм щыщхэу адыгэ арджэнхэр, лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр, балъкъэр алэрыбгъухэр, дыжьын цlуугъэнэхэр, пхъэм къыхэщlыкlа хьэкъущыкъухэр, цlыхубэ макъамэ lэмэпсымэхэр, щlыналъэм и художникхэм я живопись, графикэ, скульптурэ лэжьыгъэхэр.

Къищынэмыщlауэ, музейм щыболъагъу сурэтыщl цlэрыlуэхэу Айвазовский Иван, Шишкин Иван, Репин Илья, Серов Валентин, Брюллов Карл,




Васнецов Виктор, Левицкий Дмитрий, нэгъуэщlхэми я lэдакъэщlэкlхэр.

Музейр 1960 гъэм къызэlуахащ. Абы зэрехьэ КъБАССР-м щlыхь зиlэ и егъэджакlуэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, «Цlыхубэ егъэджэныгъэмкlэ отличник» щlыхьыцlэр зыхуагъэфэща, сурэт щlынымкlэ щlэблэм я гъэсакlуэ, совет егъэджакlуэ цlэрыlуэ Ткаченкэ Андрей Лукич и къуэм (1924 - 2008) и цlэр. Абы игъэсащ дуней псом и галерее нэхъыфlхэм зи лэжьыгъэхэр нобэ щагъэлъагъуэ сурэтыщl куэд. Ткаченкэ Андрей и гъэсэн 12-м къаухащ Художествэхэмкlэ Урысей академиер. СССР-мрэ УФ-мрэ я Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ иригъэджа художник пщlы бжыгъэхэр. И гъэсэнхэм ящыщщ Художествэхэмкlэ Урысей академием и академик, профессор, УФ-м щlыхь зиlэ и художник Пащты Герман,

Художествэхэмкlэ Урысей академием и академик, КъБР-м и цlыхубэ художник Кlыщ Мухьэдин, сурэтыщl цlэрыlуэхэу Къып Мухьэмэд, Зэхъуэхъу Валерэ, Мамбэт Пётр, lэщхъуэт Михаил, Бищlо Сеф, Колкутин Андрей, Шэшэн Юрэ, Тепеев Хъызыр, Иевлев Михаил, Азаматовэ Светланэ, Маргъущ Анатолэ, Индрис Залымхъан, Нурмагомедовэ Ларисэ, Денисенкэ Галинэ, нэгъуэщlхэри.

Гъуазджэм пэжыжьэ налшыкдэс куэдми яцlыхурт Андрей. Пионерхэм я унэм щиlэ студием къинэмыщlауэ, курыт еджапlэхэми сурэт щlыным щыхуигъасэрт. И lэщlагъэмрэ ныбжьыщlэхэмрэ фlыуэ ильагъурт абы. Ар и зэманми къаруми щымысхьыжу ядэлажьэрт ныбжьыщlэхэм. Езым игъэхьэзырыжат сурэтыщl гъуазджэм зэрыхуригъаджэ методикэ. Еджапlэ нэхъыщхьэхэр къэзыуха и гъэсэнхэр и студием иригъэблагъэурэ сабийхэм ядигъэлажьэрт. И студием къекlуалlэхэр ныбжькlэ зэтехуэртэкъыми, зыр адрейм и деж щеджэжырт. Егъэджакlуэм и гъэсэнхэм и нэlэ ятригъэтырт, хуей щыхъукlи чэнджэщэгъуи яхуэхъурт. Абы и цlэр зезыхьэ музейр лэжьэху, и гъэсэнхэр, и щlэблэр псэуху и фэеплъыр кlуэдыжынукъым. 2009 гъэм щыщlэдзауэ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм Кавказ Ищхъэрэм ис ныбжьыщlэхэм сурэт щlынымкlэ я зэпеуэ-гъэлъэгъуэныгъэ къызэрегъэпэщ, Ткаченкэ Андрей и фэеплъу. Къэпщытакlуэ гупым хэтщ абы и гъэсэнхэр.

Музейм и унейм lуэхущlапlэ иlэжкъым. Абы и хэщlапlэр Налшык къалэм къат куэду зэтет и унэхэм ящыщ зым и япэ къатым щыlэщ. lуэхущlапlэм и фондым щахъумэ лэжьыгъэ минищым щlигъу. Кавказым щыпсэу сурэтыщlхэм я lэдакъэ къыщlэкlахэм, урыс фарфорхэмрэ гравюрэхэмрэ щыщ жыпlэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ и хьэщlэхэмрэ яфlэгъэщlэгъуэнщ музейм щlэлъ хьэпшыпхэр. Абы и лэжьакlуэхэр цlыху гуапэщ, щlэныгъэ зиlэщ. Тхьэмахуищ къэс музейм и пэщищым гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэlуах. Нэхъыбэу ахэр зытеухуар дызэрыгушхуэ ди художник цlэрыlуэхэращи, жыпlэ хъунущ абыхэм я lэдакъэщlэкlхэр зэрыуахътыншэр. Дэтхэнэ зыри нэр зыгъэгуфlэщ! Ахэр республикэм, музейм и унафэщlхэм я жэрдэмкlэ зэхуахьэсащ.

1960 гъэм къызэlуаха lуэхущlапlэм тхыдэ гъуэгуанэ дахэ къикlуащ. Къэтхьэн Назир, музейм и япэ унафэщlхэм, псапащlэхэм я фlыгъэкlэ я фондыр бэгъуащ. Илъэс куэд щlауэ цlыхубэм яфlэгъэщlэгъуэну къекlуэкl лэжьыгъэхэм иджырей щlэблэм, щlыналъэм и хьэщlэхэм зыщагъэгъуэзэныр куэд и уасэщ, гъуазджэ, щэнхабзэ щlэинхэм лlэщlыгъуэхэр зэрызэпащlэм тепщlыхьмэ.

**ТЕКlУЖЬ Заретэ.**

# Нэхъапэм къэмыхъуауэ

**Дызэрыт илъэсым и гъэмахуэ мазищым къриубыдэу «lуащхьэмахуэ» курортым щыlащ цlыху мин 225-м щlигъу. Мы гъэм лэжьэн щlэзыдза, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и «Мамисон» курортым а пlалъэм ирихьэлlэу турист мин 19-м зыщагъэпсэхуащ, къитащ иджыблагъэ Кавказ.РФ-м и пресс-lуэхущlапlэм.**

АПХУЭДЭУИ абы къыхегъэщ Тырныауз къалэм гъэмахуэм къыщеха ятlэпсым и зэранкlэ lуащхьэмахуэ лъапэ дэмыкlыфу турист куэд къызэрынар. Кавказ.РФ-м и унафэщl Юмшанов Андрей зэрыжиlамкlэ, «lуащхьэмахуэ» курортым лыжэхэмкlэ къыщажыхьащ мы гъэм бадзэуэгъуэм и 6 пщlондэ. Туристхэм lэмал яlащ псори зэхэту махуэ 224-кlэ джабэм кlэрытыну. Апхуэдэ япэм щыlакъым.

«Мы гъэм къурш задэхэм дэкlа альпинистхэм я бжыгъэр мини 10-м щlигъуащ. Гуп-гупкlэ къакlуэ школакlуэхэм я бжыгъэми хуэди 2,6-кlэ хэхъуащ. Къэралым и щlыналъэ куэдым къикlа сабийхэр мин бжыгъэкlэ lуащхьэмахуэ лъапэ щыlащ гъэмахуэм», - къыхигъэщащ Юмшановым.

Мы гъэ гъэмахуэм ирихьэлlэу «lуащхьэмахуэ» курортым къыщызэlуахащ «Текlуэныгъэм и лъагъуэ», «105-нэ пикет» экольагъуэхэр.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, 2024-2025 гъэм и щlымахуэ лъэхъэнэм lуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэхуащ цlыху мин 335-м. Лыжэкlэ джабэ нэкlуэхэм къыщажыхьащ мэкъуауэгъуэм и 17 пщlондэ.

**КЪУЭЖЕЙ lэмин.**



**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэр иухыным къэнэжар джэгугъуиплlщ. Абы къыхэкlыу дэтхэнэ зы зэlущlэми и уасэм хохъуэ.**

Футбол

# «Тэрчыр» трагъэкIуэта?

ИКЪУКlЭ мыхьэнэшхуэ зиlэ зэпэщlэтыныгъэ бэрэжьей кlуам щызэхэтащ Алътуд къуажэм. Ягъэlэпхъуа зэlущlэм ипкъ иткlэ «Искра»-м кърагъэблэгъат чемпионыгъэм ерыщу хуейэ «Тэрчыр». Ар хагъащlэмэ, хэгъэрейхэри дыщэм щlэбэныфынут.

Лъэныкъуэхэр икъукlэ ерыщу зэныкъуэкъуащ. Къагурыlуэрт мы зэlущlэм куэд дыдэ зэрелъытар. Апхуэдэу щыт пэтми, «Искра»-м и насып нэхъ къикlащ икlи Джылахъстэнейм къикlахэм жэуапыншэу топитl худагъэкlри, текlуэныгъэр зыlэрагъэхьащ. Абы и фlыгъэкlэ алътуддэсхэм зэхьэзэхуэм бжыпэр щаубыдащ. Арщхьэкlэ зыщыдгъэгъупщэнкъым чемпионыгъэр зыlэщlэлъ «Родник»-р зы очкокlэ фlэкlа къызэрыкlэрымыхур икlи зы зэlущlэкlэ нэхъ мащlэ зэрыригъэкlуэкlар. Псынадахэ и командэм иджыри къыпэщылъщ ягъэlэпхъуа джэгугъуэ. Ар зыдригъэкlуэкlынур... «Тэрчращ». Абыи бэнэныгъэ гуащlэ зэрыщекlуэкlынум шэч хэлъкъым икlи ипэ увыпlэр зыlэрыхьэнур иджыпсту зыгуэрым хуэбгъэфэщэну икъукlэ гугъущ.

А махуэ дыдэм Анзорей къуажэм и стадионми зэlущlэ хьэлэмэт щекlуэкlащ. Абы щызэхуэзащ зыкъом щlауэ зыми темыкlуэфхэу «Урыхумрэ» «Черкес»-мрэ. Къыкlэрыхухэм я зэпэщlэтыныгъэм Лэскэн районым и командэр нэхъыфlу къыщыщlэкlащ икlи 5:2-уэ шэджэмдэсхэр хагъэщlащ, иужь дыдэ увыпlэр зэкlэ ямыбгынэфами.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжыпэр щызыlыгъ «Родник»-м щыщ Урысбий Ратмиррэ «Исльэмейм» щыджэгу Тамаев Аланрэ иджыри топ щырыщ я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкlащ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм ахэр къызэрыхэжаныкlар тlощl-тlощlым нагъэсащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэу щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэта адрей зэlущlэхэм къарикlуа бжыгъэхэм: «**Бедик**» (Аргудан) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0:6**, «**Искра**» (Алътуд) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **5:0**, «**Исльэмей**» (Исльэмей) - «**Нартан**» (Нартан) - **3:6**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Малка**» (Малкэ) - **2:2**, «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:7**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **2:8**.

Дызыхуэкlуэ тхьэмахуэмрэ блыщхьэмрэ зи чэзу джэгугъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щызэхэтынущ. А махуэхэм зэlущlэнущ: *фокlадэм и 7-м* - «Тэрч» - «Бедик», «Логоваз» - «Псыгуэнсу», «Малка» - «Нартан»; *фокlадэм и 8-м* - «Искра» - «Спартак-Д», «Родник» - «Исльэмей» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | Фl. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Искра»** | **18** | **16** | **1** | **1** | **80-14** | **49** |
| **2. «Родник»** | **17** | **16** | **0** | **1** | **88-15** | **48** |
| **3. «Тэрч»** | **17** | **15** | **0** | **2** | **72-11** | **45** |
| 4. «Исльэмей» | 18 | 9 | 1 | 8 | 57-49 | 28 |
| 5. «Нартан» | 18 | 8 | 4 | 6 | 58-55 | 28 |
| 6. «Спартак-Д» | 18 | 7 | 4 | 7 | 48-45 | 25 |
| 7. «Псыгуэнсу» | 18 | 6 | 2 | 10 | 33-62 | 20 |
| 8. «Бедик» | 18 | 5 | 3 | 10 | 29-66 | 18 |
| 9. «Малка» | 18 | 5 | 2 | 11 | 27-48 | 17 |
| 10. «Логоваз» | 18 | 3 | 4 | 11 | 24-64 | 13 |
| 11. «Черкес» | 19 | 3 | 3 | 13 | 25-80 | 12 |
| 12. «Урыху» | 19 | 2 | 2 | 15 | 31-69 | 8 |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.295 Заказыр №1931

Газетым lэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩlАПlЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А